

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis géografi dialék Suradé di Kabupatén Sukabumi, bisa dicokot kacindekan saperti ieu di handap.

1. Kandaga kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi aya 52 kecap. Di Désa Kadaleman jumlahna aya 27 kecap, di Désa Pasiripis jumlahna aya 30 kecap, jeung di Kalurahan Suradé aya 40 kecap. Conto kecap dialék Suradé nyaéta *jéngjéng*, *saronéng*, jeung *rona*.
2. Wangun Kecap dialék basa Sunda Suradé Kabupatén Sukabumi ngawengku kecap asal 34 kecap (65,38%) contona *limin*, kecap rundayan 4 kecap (7,69%) contona *nyongcong*, kecap kantétan 12 kecap (23,07%) contona *dudukuy cetok*, jeung kecap rajékan 2 kecap (3,84%) contona *luluhur*.
3. Ma'na kecap dasar kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi ngawengku istilah pancakaki sakecap (1,92%) nyaéta *apih*, kecap gaganti jeung sesebutan 2 kecap (3,84%) contona *déék*, kahirupan désa jeung masarakat 3 kecap (5,76%) contona *mandor*, imah jeung babagianna 3 kecap (5,76%) contona *cireman*, pakakas 11 kecap (21,15%) contona *buyung*, kadaharan jeung inuman 9 kecap (17,3%) contona *beleketek*, panyakit 5 kecap (9,61%) contona *daralang*, pagawéan sakecap (1,92%) nyaéta *nini beurang*,

tutuwuhan jeung bungbuahan 7 kecap (13,46%) contona *malaning*, sasatoan 3 kecap (5,76%) contona *cuménol*, kaayaan alam jeung usum sakecap (1,92%) nyaéta *kobak*, jeung kecap pagawéan 6 kecap (11,53%) contona *dipangang*.

4. Péta sebaran wilayah géografi dialék Suradé Kabupatén Sukabumi aya 52 péta. Kecap anu aya di Désa Kadaleman, Désa Pasiripis, jeung Kalurahan Suradé contona *genang*, kecap anu aya di Désa Kadaleman jeung Désa Pasiripis contona *sepén*, kecap anu aya di Désa Kadaleman jeung Kalurahan Suradé contona *tampir*, kecap anu aya di Désa Pasiripis jeung Kalurahan Suradé contona *kiripik sangu*, kecap anu aya di Désa Kadaleman wungkul contona *bocék*, kecap anu aya di Désa Pasiripis wungkul contona *bongé*, jeung kecap anu aya di Kalurahan Suradé wungkul contona *apih*.
5. Bahan pangajaran kandaga kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi pikeun pangajaran maca di SMP ngawengku: tujuan, uraian bahan, bahan maca, pedaran, jeung latihan.

## 5.2 Saran

Bahan ajar dina ieu panalungtikan kakara dina rarancang pangajaran, ku kituna perlu ayana panalungtikan séjén anu ngujicobakeun bahan ajar dialék Suradé Kabupatén Sukabumi di sakola-sakola.

Bahan pangajaran basa Sunda di sakola di Sukabumi leuwih hadé lamun medar ngeunaan kandaga kecap anu aya di wewengkon siswa. Ku cara kitu, dipiharep

murid bisa wanoh kana basa Sunda, hususna basa Sunda dialék Suradé atawa wewengkon séjén, ngarah bisa ngarasa reueus, ngamumulé jeung make basa Sunda. Salian ti éta, guru jeung masarakat nu mibanda fungsi pikeun ngatik generasi anyar perlu ngawanohkeun, ngajarkeun tur make basa Sunda sangkan basa Sunda teu tumpur jeung kalindih ku basa lain.

Ieu panalungtikan masih keneh sederhana tur loba kénéh kakuranganna. Kakurangan anu aya dipiharep jadi pangrojong pikeun ngayakeun panalungtikan-panalungtikan séjén anu leuwih jembar, sabab ieu panalungtikan ngan saukur nganalisis kecap-kecap dialék basa Sunda Suradé Kabupatén Sukabumi tina hasil wawancara jeung masarakat ti 2 désa jeung 1 kalurahan anu aya di Kacamatan Suradé. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan séjén ngeunaan kecap dialék Sukabumi anu leuwih jembar, anu ngawengku sakumna daérah di Sukabumi, lain ngan saukur di Kecamatan Suradé.